YANGI O'ZBEKISTON ILMIY TADQIQOTLAR JURNALI IF=8.5 3-JILD, 5-SON (YO'ITJ)




# MEKTEP OQÍWSHÍLARÍNDA MORALLÍQ QÁDIRIYATLARDÍ QÁLIPLESTIRIWDIŃ PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Adilxanova Aziza Azamat qızı**

Kegeyli rayonı mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 14-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi Ruwxıylıq ağartıwshılıq isleri boyınsha direktor orınbasarı

https://doi.org/10.5281/zenodo.20307782

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 1-may 2026 yil
Ma'qullandi: 5-may 2026 yil
Nashr qilindi: 20-may 2026 yil

**KEY WORDS**

*morallıq qádiriyat, pedagogikalıq tiykar, adamgershilik, tárbiya, mektep oqıwshısı, ruwxıy rawajlanıw.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwdiń pedagogikalıq tiykarları teoriyalıq hám ámeliy jaqtan analizlenedi. Házirgi globalizaciya hám sanlastırıw dáwirinde jas áwladtıń ruwxıy-morallıq tárbiyası, sociallıq juwapkershiligi hám adamgershilik qásiyetlerin rawajlandırıw máselelerine ayrıqsha itibar qaratıladı. Izertlew dawamında morallıq qádiriyatlardıń mazmunı, olardı qáliplestiriwge tásir etiwshi pedagogikalıq, psixologiyalıq hám sociallıq faktorlar úyreniledi. Sonıń menen birge, shańaraq, mektep hám jámiyet ortasındağı baylanıstıń bala tárbiyasındagı ornı analizlenedi.*

INNOVATIVE ACADEMY

Házirgi globalizaciya, informaciyalıq texnologiyalar hám tez ózgeriwler dáwirinde jas áwlad tárbiyası jámiyet rawajlanıwınıń baslı faktorlarınıń birine aylanbaqta. Sebebi, bilimlendiriw mekemeleri tek ilimiy bilim beriw menen sheklenbeydi, al sonıń menen birge, shaxstıń morallıq sanasın, ruwxıy dúnyasın, sociallıq poziciyasın hám adamgershilik qásiyetlerin qáliplestiriw wazıypasın da atqaradı. Ásirese, mektep jası shaxs rawajlanıwınıń eń áhmiyetli basqıshlarınıń biri bolıp, bul dáwirde bala dúnyanı qabıllawdı, basqalar menen qarım-qatnas ornatıwdı hám óz qádiriyatlar sistemasın qáliplestiredi. Sol sebepli mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı rawajlandırıw pedagogika iliminiń aktual máseleleriniń biri esaplanadı.

Házirgi waqıtta Jańa Ózbekstanda jaslardıń ruwxıy-morallıq tárbiyasın kúsheytiriw, olardı watansúyiwshilik, tolerantlıq, insaniylıq hám milliy qádiriyatlar tiykarında tárbiyalaw máselesine úlken itibar berilmekte. Ásirese, 2022–2026-jıllarğa mólsherlengen Jańa Ózbekstan rawajlanıw strategiyasında jaslardıń ruwxıy rawajlanıwın támiyinlew, bilimlendiriw sistemasın modernizaciyalaw hám sociallıq aktiv shaxs tárbiyalaw baslı bağdarlardan biri sıpatında belgilenedi. Bul bolsa morallıq tárbiya máselesiniń ilimiy hám ámeliy áhmiyetin jáne de arttıradı [1].

Morallıq qádiriyat túsinigi filosofiya, pedagogika, aksiologiya hám psixologiya ilimlerinde keń úyrenilgen kategoriyalardan biri bolıp tabıladı. Filosofiyalıq kózqaras boyınsha, qádiriyat dep insan hám jámiyet ushın áhmiyetli bolğan materiallıq yamasa ruwxıy baylıqlar sistemasına aytıladı. Al morallıq qádiriyatlar adamnıń minez-qulqın, etik poziciyasın, sociallıq

juwapkershiligin hám basqalar menen bolatuǵın qarım-qatnasın belgilewshi qaǵıydalar jıyındısı sıpatında túsiniledi.
Pedagogikalıq ádebiyatlarda morallıq qádiriyatlar qatarına adamgershilik, ádillik, juwapkershilik, húrmet, doslıq, tolerantlıq, watansúyiwshilik, insaplılıq sıyaqlı qásiyetler kiritiledi. Bul qásiyetler shaxstıń sociallıq ortalıqqa beyimlesiwinde, qarım-qatnas mádeniyatın qáliplestiriwde hám jámiyetlik belsendiligin rawajlandırıwda baslı rol atqaradı. Demek, morallıq qádiriyatlar shaxs rawajlanıwınıń tiykarǵı komponentlerinen biri bolıp esaplanadı.
Pedagogika teoriyasında morallıq tárbiya máselesine kóplegen alımlar ayrıqsha itibar bergen. K.D. Ushinskiy tárbiyanı insan qáliplesiwiniń tiykarǵı qurallarınıń biri dep qarasa [6], A.S. Makarenko kollektiv tárbiya arqalı juwapkershilik hám sociallıq tártipti qáliplestiriwdiń áhmiyetin atap ótedi [5]. V.A. Suxomlinskiy bolsa bilim menen tárbiyanı bir-birinen ajıralmas process dep qaraydı. Onıń pikirinshe, adamgershilik qásiyetler menen bayıtılmaǵan bilim óz qunın joǵaltadı [4]. Demek, mekteptegi oqıw procesi hám morallıq tárbiya óz-ara baylanıslı halda ámelge asırılıwı tiyis.
Psixologiyalıq teoriyalar da morallıq rawajlanıw máselelerine ayrıqsha itibar qaratadı. Jean Piaget hám Lawrence Kohlberg morallıq sana qáliplesiwiniń basqıshların islep shıǵıp, bala áwele morallıq normalardı sırtqı talap retinde qabıl etetuǵınıń, keyin bolsa olardı sanalı túrde túsinip, jeke poziciyasına aynaldıratuǵınlıǵın dálilleydi. Bul bolsa morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriw úzliksiz, sistemalı hám ilimiy tiykarlandırılǵan pedagogikalıq is-háreketti talap etetuǵınlıǵın kórsetedi [2;3].
Pedagogikalıq jaqtan alǵanda, mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwdiń tiykarǵı shártleriniń biri – úzliksizlik hám izbe-izlik prinsipi bolıp esaplanadı. Sebebi, morallıq tárbiya bir mártelik ótkeriletugın is-ilaj yamasa tek sabaq dawamındaǵı teoriyalıq túsindiriw menen sheklenbeydi. Kerisinshe, ol kúndelikli pedagogikalıq process, sabaq mazmunı, klasstan tıs jumıslar, muǵallim menen oqıwshı ortasındaǵı qarım-qatnas hám mektep ortalıǵı arqalı úzliksiz ámelge asadı. Eger morallıq tárbiya sistemalı túrde alıp barılmasa, onda oqıwshıda turaqlı qádiriyatlar sistemasın qáliplestiriw qıyınlasadı.
Sonıń menen birge, morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwde shaxsqa baǵdarlanǵan pedagogikalıq qatnas ayrıqsha áhmiyetke iye. Házirgi pedagogikalıq teoriyalar boyınsha, hár bir bala individual psixologiyalıq qásiyetke, qızıǵıwshılıqqa, emociyalıq sezimtalıqqa hám sociallıq tajiriybege iye boladı. Sol sebepli pedagog oqıwshınıń jas ózgesheligin, minez-qulqın, kommunikativ qábiletin esapqa alıp jumıs alıp barıwı tiyis.
Morallıq qádiriyatlardı rawajlandırıwda muǵallim shaxsı baslı faktorlardıń biri bolıp tabıladı. Sebebi, balalar kóbinese teoriyalıq bilimnen kóre, ámeliy minez-qulqtı tezirek qabıl etedi. Sol sebepli muǵallimniń sóylew mádeniyatı, ádilligi, insaplılıǵı, juwapkershiligi hám oqıwshılarǵa bolǵan húrmetli qatnası morallıq tárbiyanıń nátiyjeliligine tikkeley tásir etedi. Eger pedagog ózi adamgershilik qaǵıydalarına ámel qılsa, oqıwshılar da bul qásiyetlerdi óz minez-qulqına sińdire baslaydı. Demek, muǵallim tek bilim beriwshi emes, bálki morallıq ideal hám sociallıq úlgi wazıypasın da atqaradı.
Morallıq tárbiya procesinde interaktiv pedagogikalıq metodlardan paydalanıw joqarı nátiyje beredi. Ásirese, debat, rolli oyın, keys stadi, problemalıq oqıtıw, pikir almasıw, sociallıq proektler sıyaqlı metodlar oqıwshılardıń kritikalıq pikirlewin, empatiyasın, kommunikativ mádeniyatın hám sociallıq juwapkershiligin rawajlandıradı. Mısalı, "Ádillik degen ne?", "Tolerantlıq hám jámiyet", "Internet etikası", "Juwapkershilikli azamat qanday bolıwı kerek?" sıyaqlı temalardaǵı pikir almasıwlar oqıwshılardıń morallıq analizlew qábiletin kúsheytedi. Sonıń menen birge, rolli oyın metodı arqalı oqıwshılar basqa adamnıń poziciyasın túsiniwge, konfliktli jaǵdaylarda durıs qarar qabıllawǵa hám empatiya sezimin rawajlandırıwǵa úyrenedi.
Morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwde psixologiyalıq faktorlar da úlken rol atqaradı. Sebebi, bala shaxsınıń morallıq sanası onıń emociyalıq rawajlanıwı, ishki motivaciyası, sociallıq

ortalığı hám kommunikativ tajiriybesi tiykarında qáliplesedi. Psixologlar pikirinshe, mektep jası qádiriyatlar sisteması aktiv rawajlanatuǵın dáwir bolıp esaplanadı. Bul e bala ádillik, doslıq, hurmet, juwapkershilik sıyaqlı túsiniklerdi sanalı túrde qabıllay baslaydı. Sol sebepli pedagog hám ata-ana tárepinen beriletugın morallıq tásirlerdiń mazmunına ayrıqsha itibar qaratıw zárúr.

Shańaraq, mektep hám jámiyet baylanısı mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwdiń tiykarǵı shártleriniń biri bolıp esaplanadı. Sebebi, bala shaxsınıń ruwxıy dúnyası tek mekteptegi pedagogikalıq process tiykarında emes, al kúndelikli turmıs tárizi, shańaraq qatnasları hám jámiyetlik ortalıq tásirinde de rawajlanadı. Sol sebepli morallıq tárbiya bir-birinen bólek emes, bálki óz-ara baylanıslı tárbiyalıq sistemaga tiykarlanıwı tiyis.

Klastan tıs tárbiyalıq jumıslar da usı proceste áhmiyetli orın tutadı. Mısalı, kitap oqıw konferenciyaları, sociallıq proektler, ekologiyalıq iniciativalar, jaslar forumları hám debat klubları oqıwshılardıń juwapkershiligin, liderlik qábiletin hám jámiyetlik belsendiligin rawajlandıradı. Sonıń menen birge, bunday jumıslar teoriyalıq bilim menen ámeliyatti baylanıstırıwǵa, morallıq qaǵıydalardı haqıyqıy turmısta qollanıwǵa úyretiwi menen áhmiyetli.

Házirgi sanlı dáwirde globalizaciya hám informaciyalıq texnologiyalar jaslar qádiriyatınıń transformaciyasına kúshli tásir etiwshi faktorlardıń birine aynaldı. Bir tárepten, globalizaciya xalıqlar ortasındaǵı mádeniy almasıwdı, ulıwma adamzatlıq qádiriyatlardıń tarqalıwın hám ilimiy integraciyanı tezlestiredi. Ásirese, tolerantlıq, insan huqıqları, sociallıq ádillik sıyaqlı prinsiplerdiń keń tarqalıwı jaslardıń dúnyatanıwına unamlı tásir etiw múmkinshiligine iye.

Biraq, ekinshi tárepten, globalizaciya ayırım jaǵdaylarda milliy qádiriyatlardıń joǵalıwına, tutınıwshılıq psixologiyasınıń kúsheyiwine yamasa virtual ortalıqtıń keri tásirleriniń artıwına sebepshi bolıwı múmkin. Ásirese, sociallıq tarmaqlardaǵı manipulyativ kontent, virtual agressiya, zorlıq elementleri yamasa jalǵan idealardıń tarqalıwı oqıwshılar qádiriyatına salmaqlı tásir kórsetiwi múmkin.

Sol sebepli házirgi bilimlendiriw sistemasında media sawatlılıq hám sanlı mádeniyat máselelerine ayrıqsha itibar qaratıw zárúr. Media sawatlılıq dep informaciyanı analizlew, haqıyqıy derek penen jalǵan derekti ajırata biliw, sın pikirlew hám virtual ortalıqta juwapkerlik penen is alıp barıw qábiletine aytıladı. Eger oqıwshılarda usınday qásiyetler qáliplesse, olar internet ortalıqtıń keri tásirlerinan ózlerin qorǵay aladı hám sanlı texnologiyalardan durıs paydalanıwdı úyrenedi.

Demek, házirgi dáwirde morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriw dástúriy pedagogikalıq metodlar menen sheklenbeydi. Kerisinshe, ol shańaraq, mektep, jámiyet, media sawatlılıq hám sanlı kommunikaciya faktorları menen integraciyalanǵan halda alıp barılıwı tiyis. Tek usınday kompleks qatnas arqalı juwapker, tolerant, adamgershilikli hám sociallıq aktiv jas áwladtı tárbiyalaw múmkin.

Izertlew dawamında alıp barılǵan teoriyalıq analizler hám pedagogikalıq kózqaraslar sonı kórsetedi: mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriw kóp faktorlı, úzliksiz hám kompleks process bolıp esaplanadı. Bul procestiń nátiyjeliligi pedagogikalıq metodlar, psixologiyalıq faktorlar, shańaraq ortalıǵı, sociallıq ortalıq hám sanlı kommunikaciya elementleriniń óz-ara úylesimligine tikkeley baylanıslı bolıp tabıladı. Sonıń ushın morallıq tárbiya máselesine bir tárepleme emes, bálki sistemalı hám integraciyalıq qatnas zárúr.

**Juwmaq**. Juwmaqlap aytqanda, mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriw házirgi bilimlendiriw sistemasınıń strategiyalıq wazıypalarınan biri bolıp tabıladı. Sebebi, morallıq tárbiya jas áwladtıń adamgershilik qásiyetlerin, sociallıq juwapkershiligin, ruwxıy mádeniyatın hám jámiyetlik poziciyasın belgilewshi tiykarǵı faktor bolıp esaplanadı. Izertlew nátiyjeleri sonı dálilleydi: morallıq qádiriyatlar sistemalı pedagogikalıq is-háreket, shańaraq–mektep–jámiyet baylanısı, innovaciyalıq metodlar hám sanlı dáwir talablarına sáykes integraciyalanǵan qatnas tiykarında nátiyjeli qáliplesedi. Sonday etip, mektep oqıwshılarında morallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwdiń pedagogikalıq tiykarların tereń úyreniw hám

pedagogikalıq ámeliyatqa engiziw ruwxıy jetik hám jámiyetke paydalı jas áwladtı tárbiyalawdıń tiykarǵı shártleriniń biri bolıp esaplanadı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Mirziyoyev Sh. M. 2022–2026-yillarga moʻljallangan Yangi Oʻzbekiston taraqqiyot strategiyasi toʻgʻrisida. – Toshkent, 2022.
2. Kohlberg, L. (1981). Essays on moral development/1 The philosophy of moral development: moral stages and the idea of justice. Harper & Row.
3. Piaget, J. (2013). The moral judgment of the child. Routledge.
4. Аллагулов, А. М. (2023). Воспитательный потенциал урочной и внеурочной деятельности в педагогическом наследии ВА Сухомлинского. Историко-педагогический журнал, (4), 26.
5. Макаренко, А. С. (2007). Школа жизни, труда, воспитания. Учебная книга по истории, теории и практике воспитания. Часть, 1, 1921-1928.
6. Ушинский, К. Д. (1994). Педагогическое наследие. М.: Образование и бизнес.

INNOVATIVE ACADEMY